

La Bib pou ti moun
prézanté

Premye fèt
Pak



Ékri pa : Edward Hughes

Ilistré pa : Janie Forest

Adapté pa : Lyn Doerksen

Tradwi pa : Christine Pierre-Lhermite

Pwodwi pa : Bible for Children


www.M1914.org

©2014 Bible for Children, Inc.


Lisans : Ou gen dwa pou copyé o swa fè fotocopi
istwa sa, dépi sé pa pou van-n ou fè li.



Yon madanm te kanpe
sou yon kolin kote
kite genyen
anpil moun
kap fè bwi,
je li tap
obsève yon
aksyon ki
tèrib
anpil.




Yo tap touye pwòp pitit
li. Manman sa-a
se te Mari, e
li te kanpe
tou pre kote
ke yo tap
klouwe Jezi
sou yon
kwa.





Kouman bagay sa
fè rive ? kouman
Jezi ka fè
kite yon
bel lavi
chavire
nan yon
kondisyon
soufrans tèrib
konsa ?





kouman Bondye
fè aksepté
pou lòm
klouwe
pwòp pitit
Li sou
yon kwa
poul
mouri ?





Non ! pa panse ke
se paske Bondye
echwe. Jezi pat fè
anyen ki mal. Jezi
te toujou konnen
depi davans ke te
gen mechan ki ta
pral touye-L.






Dayè, menm lè Li
te yon bebe, te gen
yon granmoun ki te
rele Simeyon ki te
pwofetize Mari sou
kalite aksyon tris
sa ki te gen pou
fèt yon jou.



Kèlke
jou anvan
yo touye
Jezi, yon
madanm te
parèt kote-L e
li te vide yon
pafen bon kalite
ki koute chè anpil
sou tèt Jezi.



Disip
yo te di lè
sa "pouki sa
madanm sa ap
gaspiye lajan
konsa" men Jezi reponn
yo "madanm sa ap fè yon bon zèv.





Lap anbonmen
mwèn davans
pou antèman-m".
pawòl sa yo te
parèt trè etranj !



Aprè sa, yonn nan douz disip Jezi yo
ki te rele Jida aksepte
pou li trayi Jezi bay
chef sakrifikatè
yo pou 30
pyès lajan.





Lè jou fèt Pak Jwif
yo rive, Jezi manje ak
disip li yo pou yon dènnye
fwa. Li rakonte yo yon
pakèt bel bagay o sijè
de Bondye, ansanm
ak pwomès
Bondye fè
pou tout
moun ki
renmen-L yo.



Aprè sa, Jezi pataje
yon pen ak yon koup
diven avèk yo.







Li te fè sa pou yo te
kapab sonje, ke kò
Li ak san Li ki ta
pral sakrifye-a,
se pou peche
lèzom kapab
padonnen.



Aprè sa Jezi di disip Li yo ke gen
yon moun ki ta pral trayi Li, epi nan
menm moman sa yo tout ta pral
kouri kite-L.



Alò Pyè reponn Jezi "mwèn men-m,
mwèn pap janm kite-w". Men
Sèlman Jezi di-l konsa "anvan
kòk la chante,
wap gen tan
renye-m 3
fwa".





Yon lòt moman nan
menm sware sa,
Jezi al priye
nan jaden
Jetsemani an,
pandan ke dòmi
pran tout disip
ki te avè-L yo.





Jezi pouse yon
rèl, Li di "O
Papa-m !...si
sèlman ou te ka
pèmet koup fyèl
sa pase lwen
mwèn... sepandan
se pa volonte pa
mwèn ki pou fèt,
men se pa-w lan".



Sibitman yon gwoup moun rive nan
jaden yan ak Jida devan yo.
Jezi pa reziste, men Sèlman
Pyè koupe zòrey yon-n
nan moun yo, men
Jezi poze men Li
sou zòrey la e li
retounen jan-l
te ye -a. Jezi te
konnen arestasyon
sa te fè pati plan Bondye.



Gwoup moun yo mennen Jezi
lakay chèf sakrifikatè yo.

Lè yo rive, tout
dirijan Jwif yo
di konsa se pou
Jezi mouri.



Pyè li menm te kanpe tou
pre, bò kote yon dife
sèvite yo tap fè
pou yo chofe kò
yo, konsa li te
ka obsève
sa ki tap
fèt yo.



Pandan 3 fwa moun ki te la yo di Pyè
"se pa ou menm ki
tap mache ak
Jezi-a?"




sèlman pandan 3 fwa sa yo, Pyè di li
pa konn de kisa yap pale-l lan,

ekzakteman
jan Jezi te
prevwa Pyè
ke li ta pral
renye-l 3
fwa.




A ta sèman Pyè fè
epi li joure
yo lèd.




Ko-ko-ri-kooo

Nan menm
moman sa, yon
kòk chante. Vwa
kòk la rezonnen
tankou si se vwa
Bondye Pyè
tap tande.




Ko-ko-ri-kooo



Alò tout pawòl
Jezi te di Pyè yo
pran toumante tèt
li, e li tombe kriye
ak gwo lapen-n.





Jida te regrèt tou.
Li te konnen ke Jezi
pat koupab pou
okenn peche ak
okenn krim.






Jida pran 30 pyès lajan yo
pou li remèt yo bay chef
sakrifikatè yo, men
Sèlman yo pat
dakò reprann
yo.





Alò, Jida jete
lajan yo atè,
epi li soti deyò
lal pann tèt li.





Sakrifikatè yo
Mennen Jezi
devan Pilat ki
te gouvènè
Women yo.





Pilat di yo konsa "mwen
pa jwenn anyen ki mal
nan moun sa
nou mennen
devanm
nan" ...









... sepandan
gwoup moun yo
pa sispann rele
"krisifye-L,
krisifye-L".



A la fen, Pilat
kite sa, li remèt yo
Jezi e li di yo "al
krisifye-L poukont
nou".



Solda yo pran bat Jezi,
yo krache nan figi-L, yo
fè yon kouwòn ak pikan e
yo peze-l sou tèt Li. Apre
sa yo mennen-L sou tèt
mòn Golgota
pou yo klouwe
Li sou
yon
kwa.




Jezi te toujou konnen ke Li ta pral mouri nan kondisyon sa-a. Li te

konnen tou, ke lanmò

Li ta pral pèmèt padon peche tout

moun ki ta vle mete konfyans

yo nan Li.



Sòlda Yo pran 2 kriminèl, yo krisifye
yo bò kote Jezi tou. Yon-n ladan yo
di Jezi li kwè nan Li.
Jezi reponn moun
sa, ke lap tou ale
ansanm avèk Li
nan paradi-a.

Lòt malfektè-a
pat chwazi pou li
te fè menm jan.



Aprè anpil soufrans,
Jezi di "tout
bagay fini"
epi Li mouri.

Travay Li
te akonpli.
Zanmi Li yo
reklame kò Li
pou yo al antere
nan yon tonbo.



Aprè sa, sòlda Women
yo sele tonbo-a
e yo mete 2
gadyen
devan-l
tou, ...



... pou yo te kapab
asire yo ke
pèsonn pa te
ka vin vòlè
kò Jezi.



Si istwa sa ta fini konsa,
sa tap vrèman yon
tristès. Men
Bondye fè
yon bagay
ekstraòdinè.

Jezi pa
rete mouri !



Gran bonè nan maten
premye jou lasemèn
nan, gen nan disip
Jezi yo ki al bò
kote tonbo-a
e yo jwenn li


louvri.
Andedan
li te vid.



Yon madanm te
chita la, li tap
kriye bò
tonbo-a.



Toudenkou Jezi parèt
ba li ! li pran kouri ak
anpil lajwa pou-l
al di lòt disip yo
"JEZI VIVAN !



JEZI RESISITE !"



Pa twò lontan apre, Jezi al prezante tèt Li bay disip Li yo e Li montre yo mak klou yo nan men Li ak pye-L pou disip yo kapab kwè ke se laverite, se limenm Jezi ki la. "JEZI REYÈLMAN RESISITE".



Li padonnen Pyè dèske li te renye-l lan, e Li di disip Li yo pou yo mache al tout kote sou tè-a pou yo pale de Li. Apre sa Li monte nan syèl la, kote Li te soti-a. Se te premye fwa nwèl te fete.



Premye fèt Pak

Yon istwa soti nan pawòl Bondyé-a, la Bib,

Nap jwen-n nan

Matye 26-28, Lik 22-24, Jan 13-21

"Pawòl Bondyé poté limyè."

Sòm 119 : 130



Fen



Istwa biblik sa rakonté nou kòman ké gen yon mèvèyé Bondyé ki kréyé nou é ki vlé pou ou konnen Li tou.

Bondyé konnen ké nou fè mové aksyon ki rélé péché. Pinisyon pou péché sé lanmò. Sèlman Bondyé renmen nou si tèlman ké Li voyé sèl gren-n pitit Li-a Jézi, ki mouri sou lakwa pou nou, dékwa pou Li sa péyé dèt péché nou yo pou nou. Apré sa Jézi té résisité, é Li monté nan syèl la ! Ou men-m tou, si ou kwè nan Jézi é si ou mandé Li ak tout kè-w pou Li padoné péché ou yo, L'ap fè sa pou ou ! L'ap rantré nan lavi-w touswit é wap maché avèk Li pou tout tan.



Si ou kwè ké sa ou fèk sot tandé-a sé la vérité,
résité priyè sa :

"Sényè Jézi, mwen kwè ké ou sé pitit Bondyé,
mwen kwè ké ou té mouri pou mwen épi ou
résité ankò. Tanpri, rantré nan lavi mwen,
padoné péché mwen yo, pou mwen sa gen yon
nouvo lavi kounyé-a la, konsa lè gran jou-a va
rivé, m'a va abité avè-w nan rwayòm ou an pou
l'étènité. Édé-m obéyi-w é édém viv pou ou an
tan ké pitit ou. Amèn.

Li La Bib ou épi palé ak Bondyé chak jou !

Jan 3:16

